RAGAD ADVERTENTIE:

Kabar premili: 1 — 30 temboeng f 1.— Langkoengipoen, saben 10 temboeng oetawi kirang: f 0,50.

Advertentie limrah: f 0,15 sagaris; (apes: f 1.25).

Moendoet kapatjak langkoeng saking sapisan, oetawi moendoet dados lengganan, tepang rembag roemijin kalijan administratie.

Hoofdredacteur:

B. SOEMARNA

kabantoe

REDACTIE - COMMISSIE.

SWARA-TAMA

SERAT KABAR KATHOLIEK

Medal saben dinten Djoemoewah.

REGINIPOEN LENGGANAN SWARA TAMA

1 taoen . . . f 6,—
1/2 „ . . . f 3,—
3 woelan . . f 1,50
njoewoen kabajar roemijin.

Adrèsipoen **Redactie** lan **Administratie**

IGNATIUS-COLLEGE
DJOKJAKARTA.
Telefoon no. 885.

Drukkerij „Canisius" Djokja.

Poenapa pandjenengan sampoen ngintoenaken?
Ngintoenaken arta lengganan?
Lengganan kwartaal 2?
Sampoen?— Sokoer!
Dèrèng?— Soemangga maringi moempoeng tanggal nèm.—
ADMINISTRATIE.

Béndjing Ngahad tg. 11 Mei ngadjeng poenika, Kangdjeng Biskop v. Velsen badé maringaken Sakramèn Kasantosan wonten ing Solo. Pramila sadaja sadèrèk Katholiek Djawi ing koekoeban Solo, ingkang dèrèng tampi Sakramèn Kasantosan kadawoehan sowan. Koerban Mis Soetji badénipoen djam 7,30; bakda Mis piwoelang; bakda piwoelang K. Biskop maringaken Sakramèn Kasantosan.

PRADJA RAHAJOE.

MAHATMA GANDHI.

(sambetipoen S. Tama no. 18).

Soemerep petjahing Barisanipoen Gandhi saja anggregoet tandangipoen, babar pisan boten katelasan pangadjeng-adjeng. Malah ing taoen 1925 ing salebetipoen All-India-National-Congres, pijambakipoen, sanadjana boten gampil-gampilan kémawon (débat 7 djam), saged andandosi barisanipoen malih. Nanging All-India Congres Moslem League, ingkang oegi klampahan ing taoen poenika, sampoen boten saged andandosi sesedèrèkanipoen bangsa Islam lan Ind[illegible]. [illegible]ng woelan April taoen tja[illegible]kipoen golongan kekalih poenika ngantos dados peperangan ramé wonten ing salebeting kita Calcutta.

Sarèhning „The Rowlatt Act" sampoen katjaboet, ingkang dados dam-idamanipoen Gandhi gantos: anggegesang kaboedidajan tenoenan priboemi, lan njirnakaken pangoewaosipoen bangsa mantja (Inggris), sarana baékot boten toembas oetawi nganggé barang sembet wedalan Inggris oetawi karadjan Éropah sanèsipoen. Margi ingkang makaten waoe wiwit taoen 1925 Gandhi ladjeng wiwit gesang tjara tijang tani (mertani) lan damel kaboedidajan tenoenan pijambak ing doesoen Sabarmati tjelak Ahmedabad. Éwasamanten pijambakipoen boten medot babar pisan saking kalangan pergerakan, djalaran wonten ing serat kabar: Young India, Gandhi tansah damel propaganda bab Khaddar lan Charka. (Khaddar = sembet damelan tangan; Charka = pirantos nenoen Indoe).

Ing salebeting tjonto-stèleng barang sembet ing Calcutta, golongan kabangsan sami ngoendoeng-oendoeng badé damelan Éropah ngantos pinten-pinten oendoengan, ladjeng kabesmi. Sareng poelisi badé ngalang-alangi tindak poenika, tijang-tijang boten narimahaken. Gandhi lan kantjanipoen satoenggal: Karin Sankar Roy katahan, nanging boten dangoe kaloewaran, kadenda 1 rupei.

Sawatawis dinten ngadjengaken congres ing Lahoré Gandhi medot babar pisan saking kalangan politiek, perloe ngeningaken tjipta ingasepen, soepados poenapa ingkang badé dipoenlampahi, kalampahan kanti katentreman lan sarèh. Ingriki saja tjeta bilih kekerasan poenika toemrapipoen Gandhi kados déné pedanging singa nagara, langkoeng malih jèn mirid pitemboenganipoen ingkang moengel: „Anggèn koela sami ngoedi kamardikan poenika, boten sarana njirnakaken tetijang ingkang ngalang-alangi margining tindak koela, ananging sarana kaloesan lan katentreman; djalaran prakawis poenika toemandoekipoen dateng mengsah-mengsah koela badé langkoeng lebet lan langkoeng prana, tinimbang kekerasan oetawi baloedaging rah."

Ing salebeting congres ing Lahoré waoe, ingkang katengganan ing golongan kabangsan langkoeng saking 20.000, poetoesanipoen Gandhi katampi. Déné poetoesan waoe: sapisan natjad dateng tindakipoen sawenèhing golongan kabangsan ingkang ngebom sepoer ingkang katoempakan ing Sang Praboe Anom, Lord Irwin; kaping kalih andoewa oesoel lan tindakipoen para extrimisten. Kadjawi poenika ing salebeting sesorah Gandhi nerang-nerangaken bilih sarana kekerasan kawoela Indoe boten badé saged anggajoeh kamardikan: (Swaraj).

Idam-idamanipoen Gandhi sanèsipoen ingkang anggoemoenaken sanget ingatasipoen bangsa lan tanah Indoe poenika: Anggènipoen amboedidaja itjaling pepangkatanipoen bangsa Indoe. Bangsa Paria (ingkang soewaoe prasasat kanggep golongan-ing kéwan, sanès golongan manoengsa ing bangsa Satrija l. s. s.), margi pangoedi lan pangrékadajanipoen Gandhi, ing sawatawis panggénan sampoen kasamèkaken wewenangipoen kalijan golonganing bangsa sanèsipoen.

Ing sapoenika ébah-ébahanipoen Gandhi waoe, toemrapipoen lampahing Missie ing tanah Indoe kadospoendi, mitoeloengi poenapa ngalang-alangi? Margi tandangipoen Gandhi badé ngitjali pangoewaosipoen bangsa kilénan lan nenangi raos kabangsan wétanan, temtoe kémawon pangraosipoen kawoela Indoe dateng agami Kristen saja boten remen, djalaran ingkang njebar widji kasaénan waoe inggih bangsa Kilénan, tijang neneka. Ananging jèn katitipriksa kadadosanipoen, pandjenenganipoen Gandhi babar pisan boten dados pepalanging agami Kristen malah kapara katah sanget pitoeloenganipoen. Terangipoen:

1e. Gandhi pijambak dateng agami Kristen boten sengit. Malah margi kerepipoen nganggé lan ngalem tetemboengan saha piwoelangipoen Sang Kristoes, pijambakipoen saged njoeda sengitipoen bangsa Indoe dateng bangsa Kristen, lan ngindakaken pangadji-adjinipoen dateng piwoelang Kristen.

2e. Piandelipoen Gandhi pijambak, dateng gandjaraning kasangsaran ing donja ngriki, ingkang djiblès piandel Katholiek, damel gègèripoen djagad Indoe. Ngantos pijambakipoen asring kaanggep oetoesaning salah-satoenggiling Déwa, ingkang badé ngloewari bangsa Indoe saking paréntah Inggris. Ananging Gandhi sanget ing boten narimahipoen dateng panjana-njana poenika, ngantos kawedal pitemboenganipoen makaten ing Young India:

„Sanget damel soesahing manah koela, manawi wonten tijang ingkang nginten ingkang boten-boten dateng badan koela. Koela poenika babar pisan sanès nabi, koela namoeng loegoe tijang ingkang ngorong dateng kanjataan. Sadaja kangélan toemrap koela boten wonten ingkang kawraten, oeger koela ing béndjing saged mandjing ing kamoeljaning Allah, lan sadaja lelampahan koela poenika namoeng koela eneraken dateng pangadjeng-adjeng satoenggal poenika."

3e. Piwoelangipoen Gandhi ingatasipoen karosaning soekma lan kenjataan, bilih tijang kedah setya toehoe ngantos doemoegi ing pedjahipoen, saged damel santosaning wewatekaning bangsa Indoe, ingkang ing soewaoe lembèk tanpa daja.

Poen *P. S.*

KASOESASTRAN.

Kanggé ngindakaken kawroeh.

(bab basa Djawi).

Ing Sw. Tm. ingkang sampoen kapengker sampoen koela terangaken, bilih basa Djawi poenika kagolong basa Indonesia. Ingkang njoekani nama basa Indonesia poenika sang kaloka Rama Pastoer W. Schmidt. S.V.D. Pandjenenganipoen nalika taoen 1906 njerat boekoe: Die Mon-Khamer-Völker, ein Bindeglied zwischen Völkern Zentral-Asiens und „Austronesiens," sarta nerangaken jèn basa Austroasia (India-wingking lan oegi India-ngadjeng, nanging sakedik) kalijan basa Malajoe-Polynesia (= Austronesia) poenika taksih sadèrèk.

Rama Schmidt ngagem temboeng „Austro" poenika saking temboeng Latin „Auster" tegesipoen „Kidoel."

Manoet Rama Schmidt basa-basa Malajoe-Polynesia (= Austronesia) poenika wonten 3 golongan inggih poenika Indonesia, Melanesia lan Polynesia.

Professor Berg mastani Melanesia: Macronesia, bokmanawi amargi lèr Melanesia dipoenseboet Micronesia (basa Grieksch Macros = ageng, Micros = alit, nesos = poelo).

Basa sapéranganing Madagaskar, Mlaka, Sumatra, Djawi, Soenda alit, Slébes, Bornéo, Pilippina poenika kagolong basa Indonesia.

Basa Papoea lan poelo² sawétanipoen kagolong basa Melanesia.

Basa Maori lan poelo-poelo salèrwétanipoen kagolong basa Polynesia.

Poenika sadaja roemijin nama basa Malajoe-Polynesia, ladjeng dipoensantoeni nama déning Rama Schmidt dados Austronesia.

Basa Djawi, Soematra lan Mlaka poenika kagolong bagéan kilèn, basa Slébes, Pilippina lan sakiwa tengenipoen bagéan wétan. Mila kadamel makaten, djalaran basa Djawi poenika tjara sadèrèkipoen makaten taksih tjelak kalijan basa Soematra katimbang kalijan basa Slébes. Kosok-wangsoelipoen: basa Slébes taksih tjelak kalijan basa Pilippina katimbang basa Djawi.

Bab basa Djawi kalijan basa Mladjeng poenika wonten ingkang mastani jèn basa Djawi dalasan Djawi kina waoe-waoenipoen asal saking basa Mladjeng, menggah tandanipoen: tijang Mladjeng moengel *berat* (mawi r), tijang Djawi moengel *bot* (tanpa r).

Saking pandoegi koela Djawi lan Mladjeng poenika wiwit kina sampoen sami madeg pijambak-pijambak, namoeng kémawon ing basa Djawi oengeling wanda gampil malih, katanda: sami déné temboeng Sanskrita kadosta: *mandapa*, Mladjeng taksik *mandapa*, sareng ing basa Djawi dados *pandapa*.

Kadjawi poenika nitik wet jasanipoen Toewan van der Tuuk ingkang dipoenseboet wet R.-G.-H., basa Djawi sadjadjar kalijan basa Mladjeng.

Wet R.-G.-H. poenina tegesipoen poenapa?

Tegesipoen: manawi ing basa Malagasi, Batak, Mladjeng, Madoera, Soenda mawi *r*, ing basa Formosa, Tagal, Bisaya mawi *g*, ing basa Dajak mawi *h*, sareng ing basa Bali lan Djawi tanpa poenapa-poenapa.

Oepami Mladjeng *lapar* = Batak *rapar* = Tagal *lapag* = Djawi *lapa*.

Mladjeng *kapoer* = Djawi *apoe* = Tagal *apoeg*.

Mladjeng *berani* = Djawi *wani*,
Batak *tambar* = Djawi *tamba*.
Mladjeng *taruh* = Djawi *toh*.
Mladjeng *djaroem* = Djawi *dom* = Bisaya *dagoem*.
Mladjeng *lari* = Djawi *lajoe*.
Mladjeng *taroem* = Djawi *tom* lsp.

(badé kasambet)

KOEROE SÉTRA.

SAMPOEN NGAMBR-AMBRA.

Margi ing ngrikoe namoeng rebat tjekap, mila inggih namoeng koela saosi wangsoelan poenapa wontenipoen ngrikoe:

a. Koela sampoen mangertos kateranganipoen sad. Trenggana (K. W.), sampoen terang. Déné ingkang boten koela roedjoeki poenika rak sebabipoen (tjobi oréan koela kawaos malih). Kados-poendi maksoedipoen? Makaten: sebab dèrèng tjekap (absah, voldoende) teka sampoen kanggep absah; tijang taksih bingoeng oepaminipoen, dèrèng gamblang, teka sampoen moetoes: ora lega, ora lila . . . . pantjènipoen rak namoeng ora bisa moetoes, sebab doeroeng damang (tjeta.)

Sanadjan sampoen dipoenterangaken satjeta-tjetanipoen, poenika saking roemaos koela, inggih dèrèng tjekap (kateranganipoen); awit ing ngrikoe ingkang kanggé sebab kok namoeng: moelané diprasrahaké, djalaran ora bisa neroesaké. Ing mangka saking pamanggih koela, moengel ora bisa poenika kabekta saking djalaran warni-warni, oepaminipoen: wis ora doewé réka; wis kentèkan srana; wah kok angèl temen lss. Lah, djalaran-djalaran waoe poenapa inggih wonten sajektos?

Sad. Trenggana (K. W.)! oepami oréan (pamrajogi) koela poenika pantjèn lepat, koela inggih temtoe njaosi ingkang dados pamoendoet pandjenengan, njeled temboeng koela: *bak ketepoes*, sanadjan temboeng poenika anggèn koela negesi namoeng: kok mbalik. Dados (poenika kagatosna) koela boten gadah pikadjengan sanès, o, babar pisan boten. Pramila inggih njoewoen pangaksama, *manawi koela kadoenoengan sisip. Manawi boten. . . .*

b. Anggènipoen ladjeng ngambra-ambra poenika boten koela sengadja, nanging namoeng kapinoedjon (per accidens). Ananging makaten poenika inggih boten anggoemoenaken djalaran ingkang koela boten roedjoek poenika *sebabipoen*. Déné bab pangandika pandjenengan ing b., wangsoelan koela makaten: barang ingkang sampoen kapoetoes tetep, *lan boten kénging dipoentoetoeti*, dipoenoetik-oetik, poenika tanpa gina, nol besar boeahnja, poenika leres, koela roedjoek; kosok-wangsoelipoen: barang ingkang sampoen kapoetoes tetep, *nanging taksih kénging dipoetoetoeti* (kasoewoen samangsa-mangsa taksih kalilan, rede Voorzitter), dipoenoetik-oetik poenika tanpa gina, nol besar boeahnja, poenika lepat, koela boten tjotjog. Ladjeng poenapa perloenipoen pergerakan kabangsan sapoenika poenika? Poenapa inggih boten ngoetik-oetik . , . .

c. Manoet wangsoelan koela ing nginggil toewin oréan koela ingkang sampoen-sampoen, toemrap ingkang namataken sanget pamaosipoen, pandoegi koela sampoen tjeta, poenapa ingkang koela kadjengaken, dados boten soesah koela djèrèng malih ing ngriki. Sad. Trenggana moendoet priksa, poenapa koela getoen. Wah getoen koela sampoeoeoen. Ananging poenapa namoeng poenika?

Ing ngriki koela ngatoeraken panoewoen koela dateng sad. Trenggana, anggènipoen sampoen kresa ngréntjangi béla soengkawa, sebab bokmanawi namoeng kantoen poenika atoer koela menggahing Sw. Tm. Sampoen; pangaksama.*)

Penonton.

ONDERWIJS.

Pasinaon ing H. I. K.
(Kweekschool énggal).

Mentas kémawon koela tampi brochure-nipoen padoeka toewan H.I. van der Kwast-ambtenaar ter beschikking van den Inspecteur van het Westersch Lager Onderwijs in Algemeenen dienst, ingkang ngrembag bab nginggil waoe. Isènipoen kirang langkoeng makaten:

Pasinaonipoen: para moerid ingkang ndjangkah dados goeroe ing H. I. S. poenika wonten ing H. I, K. (Hollandsch-Inlandsch-Kweekschool) ing Fort de Kock, Bandoeng, Djocja, Blitar lan Ambon. Poenika sadaja kagoenganipoen Goepermèn. Déné sekolahan H. I. K. partikelir i.p. ing Lembang (roemijin Kw. Sch. ing Goenoeng-Sari Weltevreden), R. K. Pams ing Moentilan, Chr. H. I. K. ing Soerakarta lan Malang (filiaal Soerakarta). Pasinaon waoe dangoenipoen 6 taoen, ingkang kapérang makaten:

a/ *Onderbouw* i.p. klas 1 doemoegi klas 3 H. I. K.

b/ *B venbouw* i.p. klas 4 doemoegi klaso 6 H. I. K.

Onderbouw waoe sampoen wonten, djalaran madeging H.I.K. wiwit 1 Juli 1927, lan béndjing 1 Juli 1930 wiwit wontenipoen klas 1 bovenbouw (klas 4 H.I.K.). Kanggéning Ambon poenika waoe dèrèng kénging katamtokaken, déné sanèsipoen sampoen.

Sasampoenipoen laré sinaoe 6 taoen, ladjeng examen kanggé akte goeroe. Jèn katampi kénging dados goeroe, oetawi oegi kénging neroesaken sinaoe *hoofdonderwijzer* (hoofdonderw. = goeroe ingkang gadah hoofdakte). Pasinaon waoe dangoenipoen 2 taoen. Dados ing salebetipoen 8 taoen sampoen saged nggadahi hoofdakte. (sekolahipoen H.I.S. boten kapétang).

Déné cursus hoofdakte waoe, inggih gandèng manggèn ing satoenggal-toenggaling H. I. K. Sadaja ingkang sinaoe ing cursus waoe boten kénging ngrangkep dados goeroe, amargi sinaoenipoen inggih saben dinten, limrah kados laré sekolah. Medalipoen inggih kedah dipoenexamen. Jèn saged katampi, ladjeng kabenoem ing H. I. S. oetawi Schakelschool, lan ing béndjingipoen saged kadjoendjoeng dados Hoofd der H. I. S. oetawi Schakelschool.

Ingkang kénging nglebeti Hoofdakte opleiding i. p.

a) Laré ingkang grès medal saking H. I. K. lan ingkang katoeding kénging ngladjengaken sinaoe kanggé opleiding waoe déning Directeur O. & E. Laré waoe tampi arta katah-katahipoen f 100 ing dalem sawoelan, minangka kanggé mondok lan neda, salebetipoen sinaoe ing opleiding waoe.

b) Laré wedalan H. I. K. ingkang gadah panjoewoenan nglebeti, sasampoenipoen katampi examenipoen poengkasan (eindexamen) ing H.I.K. Poenika boten tampi poenapa².

c) Sadaja goeroe ingkang nggadahi Hulpakte.

Margi wontening H.I.K. dradjating para goeroe priboemi saja minggah; roemijin goeroe priboemi wedalan Kweeksch. lan H.K.S. kapeksa dados goeroe limrah wonten ing H.I.S. lan boten saged oetawi awis sanget sagedipoen dados Hoofd amargi kaanggep kirang seserapanipoen. Samanten oegi babagan blandja, Wedalan Kw. Sch. blandjanipoen wiwitan f 75.— Ingkang katah-katah boten saged ngantos langkoeng saking f 250.

Lan saking H.K.S. f 110 doemoegi f 350.

Sareng wedalan H.I.K. anggadahi „hoofdakte" blandja wiwitan f 225; manawi dados hoofd ing H.I.S. oetawi Schakelschool saged doemoegi f 525 oetawi f 550 ing sawoelanipoen.

Kedjawi poenika para moerid „hoofdakte opleiding" saged toemoet cursus Walandi, kanggé pados hoofdakte met „Aanteekening."

Manawi saged tampi poenika, kawastan Europeesche hoofdonderwijzer (= goeroe ingkang anggadahi hoofdakte met „Aanteekening). Blandjanipoen f 280 doemoegi f 850 (manawi dados Hoofd).

Déné ingkang kawoelangaken lan ingkang kanggé examenipoen, sadaja woelangan ing H. I. K. lan basa Fransch toewin Duitsch; dados sami kalijan vak-vak ing Europeesch Kw. School.

Ing sapoenika Departement O.&.E. kagoengan karsa badé milihi goeroe wedalan H. K. S. soepados sageda sinaoe kanggé hoofdakte — Cursus, ingkang manggèn ing Betawi (voorloopig). Ingkang badé katoeding, katahipoen 20 ing dalem 1 taoen, kedah lèrèh saking padamelanipoen, ananging blandja taksih panggah. Pasinaonipoen saben dinten. Déné pamilihipoen sarana kapriksanan inspectie rapportipoen, rapport nalika sekolah lan sanès-sanèsipoen.

Badé kasambet:
C. BL.

*) Inggih sampoen kapoenggel semanten kémawon: Red.

KABAR SAKING PAKEMPALAN.

P. L. AFD. SOLO KALA 27 APRIL 1930 MANGGÈN ING KATH. SCHOOL.

Parepatan poenika kanggé oemoem, karawoehan para sadèrèk kakoeng poetri ing Soerakarta.

Nampi lezing saking sadèrèk Dwidjadisastra bab: „Pangroektining lajon awewaton kabangsan, gandèngipoen kalijan dedasar Katholiek."

Wosipoen kirang langkoeng kados ing ngandap poenika:

a. Sadèrèngipoen miwiti bab lezing, alal-bahalal bab Paskahan.

b. Ngèngetaken: lajon èstri kedah kaoepakara para poetri; lajon djaler kaoepakara déning prijantoen kakoeng.

c. Ngèngetaken oegi, bilih tijang poenika mesti badé pedjah; ing saladjengipoen njarijosken kados-poendi saénipoen mertoewi tijang sakit, ingkang toedjoenipoen badé nglipoer dateng ingkang sakit waoe. Langkoeng-langkoeng ingkang ngadjengaken doemoegi ing djangdji.

d. Ngandikakaken bab pangoepakaranipoen djisim. Kirang langkoeng makaten: Sasampoenipoen ingkang sakit waoe ngadjengaken doemoegi ing nadjakipoen, sampoen ngantos ingkang gesang ngreridoe lan ramé-ramé. Sasampoenipoen soekma ontjat saking raga kaloeroepana sindjang. Sapoenika ingkang perloe bab pangroektining djisim. Bab poenika kénging kapérang dados 4. i.p.

1. Njirami.
2. Ngoelesi.
3. Njembahjangaken.
4. Pangoeboeripoen.

1. Bab njirami. Kados-poendi pratikelipoen ngresiki djisim waoe ing djawi oetawi ing nglebet, katerangaken sarana temboeng lan solah-bawa ngantos satjeta-tjetanipoen. Lan malih njirami lajon poenika kedah kanti pangatos-atos ingkang katah, oegi sarana boten nilar bab kasoesilan. Ngandikakaken oegi bilih sedjatosipoen njirami lajon poenika gegajoetan lan kasoesilan waoe, ingkang njirami poenika sasaged-saged pamilinipoen pijambak. Sasampoenipoen resik ladjeng:

2. Bab ngoelesi. Bab poenika, sasaged-saged ingkang premati lan zedig; oegi katerangaken menggah béda-bédanipoen ngoelesi djisim djaler lan èstri; kados-poendi panoelakipoen dateng gandaning djisim amoerih sampoen adamel kirang rahabipoen para ingkang sami mertoewi, oepami sarana boeboekan kadjeng tjendana, lisah wangi, lss.; makaten oegi mrajogèkaken oegi bilih ing kamar ingkang dados doenoenging djisim waoe oegi kadjagia sampoen ngantos anggonda boten étja.

3. Prakawis anggènipoen njembahjangaken, kaandaraken sarana toelada-toelada ingkang sampoen dados tata tjaranipoen imam njembahjangaken majit ingkang koela sadaja sampoen njoemerepi sarana mripat koela pijambak-pijambak.

4. Ing ngriki nerangaken sekedik nalar-nalaripoen, déné djisim poenika sasaged-saged toemoenten kakoeboer, inggih poenika gegajoetan kalijan bab sesakit noelar, rekaosing pendjagi lss. Sasampoenipoen poenika pamedar sabda paring toelada warni-warni bab pangoeboering lajon satjaranipoen agami Islam lan Katholiek, saha nerangaken prakawis warni-warni ingkang sami koela lampahi nanging dèrèng ngertos tegesipoen, oepami bab: njawoeri siti kaping tiga sadèrèngipoen koeboer katoetoep, lan sanès-sanèsipoen sarana katrangan ingkang goematok lan manoet piandel kita Katholiek.

Sasampoenipoen poenika nerangaken oegi bilih sadaja bangsa poenika, mitoeroet agaminipoen, bab pangoepakaraning djisim poenika boten badé njimpang saking 4 prakawis ingkang sampoen kaandaraken nginggil waoe; mestinipoen bab oepatjara oegi warni-warni.

Pamedar sabda nerangaken bab asal-asalipoen wonten wiloedjengan kanggé kalimrahanipoen bangsa kita Djawi ingkang taksih nganggèkaken prakawis poenika, katerangaken bilih poenika gandèng kalijan ngèlmoe Djawi. Bab poenika, kateranganipoen kita gotrah Katholiek sampoen boten perloe manah. Déné lelintoenipoen bab poenika sarana njoewoenaken sembahjangan Mis kanggé soekma ingkang sampoen sowan ing ngarsanipoen Goesti.

Ladjeng wonten pitakèn warni-warni lan karembag ngantos ramé, ingkang woesananipoen P. Laja ing Sala badé ngwontenaken Commissie ingkang badé njinaoe bab pangroektining lajon tjara Katholiek.

C. C. Solo. *Am.*

Parepatan Warga K. W. Ambarawa 4-5-1930.

Wiwitipoen ± djam 9,30 — 12. Ingkang rawoeh ngramèkaken parepatan: Rama C. Tjiptokoesoemo, Rama R. Jasawihardja, déné Rama Parampara boten saged rawoeh. Sdr. Hartaka kepambeng. Warga Pangrèh sanèsipoen pepak. Warga lan soewanten-soewanten ingkang kabekta 23.

Poetoes-poetoesan ingkang perloe pinèngetan wonten ing Sw. Tama ngriki:

a. Margi wonten sebab ingkang perloe sanget, Pangrèh-Padintenan njèlèhaken pedamelanipoen. Amrih gampiling pilihan, toemoenten ngwontenaken pilihan Pangrèh sadaja. Ingkang kapilih ing parepatan:

Hr. Hardowirjono (Pangarsa), Hr. Soerjobonoroesid (Panitra), Hr. Warsono (Hartaka), Hr. Mangoenwidjojo lan Hr. Adisoemarto (Djoeroe noepiksa).

b. Ngwontenaken Commissie Tata-tjara Katholiek. Dawahing oendi: Hr. Hardowirjono (Pangarsa), Hr. Adisoemarto (Panitra), Hr. Soerjobonoroesid, Hr. Lokodjojo, Hr. Prawirodisastro (Warga).

c. Nampi Warga énggal: Hr. S. Tirtosoedarmo.

Kala tanggal 13-4-1930 oegi sampoen ngwontenaken Parepatan Warga, nanging sarèhné nalika samanten dèrèng saged rampoeng, pramila verslag-ipoen boten kapatjak wonten ing Sw. Tm. ngriki. Menggah woedjoeding poetoes-poetoesan:

a. Arta kas K. W. kasimpen wonten ing afd. bank. Ing Penningmeesteran kasoedijanan arta maximum f 10.

b. Nampi Warga énggal. Sadaja ingkang ngersakaken dados Warga wonten 4: Mej. Bartholomea Soeratmi, Mej. Adriana Losijen, Hr. Fr. Radija, Hr. J. J. Rijadi.

Panitra Manten.

P. S. S. I.

Persatoean Sepakraga Seloeroeh Indonesia.

Pangrèh ageng dawah wonten Ngajogjakarta. Menggah woedjoedipoen:

Pangrèh padintenan:

I. 1. Voorzitter — Ir. Soeratin
2. Vice „ — t. Widada
3. Secretaris 1 — t. Amir
4. „ 2 — t. Kartana
5. Penningm. — Hadji Anwar.

II. Redactie-Commissie, ingkang ngembani orgaan P. S. S. I.:
1e. t. Ir. Soeratin
2e. t. C. Soegiri
3e. Hadji A. Hamid
4e. t. Amir
5e. t. D. D. Soesanta.

III. Commissie Steden-wedstrijden
1e. t. Moeridan
2e. t. Daslam
3e. t. Soetjitra
4e. t. Widada.

IV. Adviseurs:
1e. Dr. Soekiman
2e. Dr. Sampoerna
3e. Dr. Soepaja
4e. R. M. Rija Gandaatmadja.

V. Juridisch adviseur:
1e. Mr. Dr. Soepama
2e. Mr. Soejoedi.

VI. Technisch adviseur:
Ir. Soerahman.

VII. Beschermheer: K. G. P. A. A. Pakoealam.

Mekaten woedjoedipoen ingkang njepeng tjempoeriding P. S. S. I. Koela pitados, bilih bangsa Indonesia anggènipoen ngoedi „Sport" saja dangoe saja nggregoet. Tanah Europa anggènipoen ngadjengaken Sport boten ngoetjiwani. Ngèngetana kémawon „Olympiade." Tanah Indonesia ngriki sampoen ngantos kantoen.

Taksih katah panggènan-panggènan, ingkang dèrèng wonten „Persatoean"-ipoen, mangka oegi katah pakempalanipoen bal-balan. Para lelantjoer ing negari-negari waoe bok inggih kersa ngoedi wontenipoen persatoean-persatoean. Menawi saja katah persatoeanipoen Sport ing Indonesia temtoe saja madjeng. Menawi Sport madjeng, tijangipoen temtoe saja waras, saja trengginas. Menawi sami trengginas, njamboeta damel inggih saged sengkoet, sinaoea inggih langkoeng gampil. Ladjeng boten pating kloeloer, pidjer-pidjer mangsoek angin.

Dados Sport poenika ketingalipoen sepélé, nanging ambak-ambak prekawis ingkang wadjib kagatosaken.

Jeugdorganisatie kedah nengenaken Sport. Para moeda sampoen katalompèn andang ingkang tjèkat-tjèket ngedegaken Sportvereenigingen.

Koela namoeng memoedji, moegi-moegi djalaran saking dajaning Sport para moeda sageda tjag-tjag kados Harja Gatoetkatja, ing woesana saged damel koentjaraning bangsa Indonesia.

Mataram, April '30.

Aksamanta
Gambir Anom,
C. C. Mataram.

VARIA.

KASAGAHAN.

Dongèng; ning tenan.

Kasagahan poenika awrat sesanggènipoen. Manawi pandjenengan boten netepi kasagahan pandjenengan, temtoe boten saé kadadosanipoen.

Pandjenengan sampoen sagah, jèn béndjing dinten anoe badé dateng panggénanipoen Naja. Poenika inggih kedah dateng saèstoe. Déné manawi kapeksanipoen boten saged dateng (wonten aral perloe sanget); inggih énggal-énggal soeka soemerep dateng poen Naja. Djalaran saboten-botenipoen mesti sampoen dipoensadijani. Apes blebes potong ajam. Tjoewa poenapa kémawon, manawi pandjenengan boten èstoe dateng.

Pandjenengan sampoen sagah dados abonné Sw. Tm. Poenika inggih kedah dipoentetepi. Déné manawi kepeksa kèndel, ingkang leres inggih ladjeng ngabari administrateur Sw. Tm. Sampoen kok ladjeng door en door kèndel kémawon, ngantos sawatawis woelan tampi kalajan gratis. Damel kisroehing administratie.

Gegandèngan kalijan prakawis ing nginggil, koela badé ngatoeraken dongèng (ning tenan). Kados-poendi kadadosanipoen tijang boten netepi kasagahanipoen.

Sadèrèk koela sepoeh, roemijin tjepeng damel ing Magelang. Administratie wingking kotjar-katjir, awit kateda koetjing. Satoenggiling wekdal, margi sangkoetan lan Afdeelingsbank, pijambakipoen katarik poelisi, katahan ing Roemah prodeo.— Koela tampi telegram saking tijang sepoeh.— Sanalika dateng Magelang.— Bingoeng lan répot dados satoenggal.— Koela sowan President Landraad, matoer: „Mana-

nawi sapoenika oetawi béndjing éndjing saged ngloenasi, poenapa sadèrèk koela, kénging koela soewoen medal?" Dawoehipoen kénging, malah dipoenparingi inah 3 dinten malih.— Koela njoewoen priksa pinten anggènipoen kedah ngloenasi.— f 300,— (zegge tiga ratoes roepijah).— Deg, raosing manah koela, tijang blandja koela namoeng sapragangsalipoen poenika.

Koela teroes nabjak-nabjak. Toedjoenipoen koela kapitados Tjina, kénging njamboet f 300,— sawoelan nitjil f 35,— sataoen loenas. Teroes kémawon koela sagahi. Sanalika poenika koela toewi sadèrèk koela. Manah koela keraos-raos soemerep pijambakipoen wonten kamar ingkang peteng, toer tjijoet. Atoer koela: „Kamas, manawi kersa ngantepi kasagahan mangké saged loewar."

„Kasagoehan apa?"

„Sagah boten badé ngasta kertoe malih; lan saben woelan paring jatra f 35, dangoenipoen ngantos sataoen."

„Ija akoe sagoeh. Akoe woes tobat toeroen pitoe."

„Saèstoe?"

„Tenan."

Koela pamit, teroes sowan Pr. Landraad; ngatoeraken jatra f 300; njoewoen serat loewaran. Sadèrèk koela saged medal, lan taksih kapareng tjepeng damel.

Ladjengipoen:

Dèrèng ngantos nitjil, pijambakipoen kapindah dateng Semarang. Voorschot kanggé noetoepi samboetan roepi-roepi dèrèng rapet, namoeng sampoen ragi déjang-déjang.

Tjitjilan sepisan, ping kalih, tiga, sekawan, gangsal, koela teroes tampi, nanging kaping nem „n i h i l." Koela oeroes dateng Semarang, koela entosi sadinten sedaloe boten mantoek. Tjrijosipoen ingkang wonten grija, sampoen 3 daloe boten mantoek. Manah koela sampoen boten sakétja. Koela mantoek lan nilari serat.

Woelan ngantos telas koela boten tampi kabar. Tjekakipoen pijambakipoen boten saged neroesaken panitjilipoen. Koela kados-poendi?— Dèjèk-dèjèk.— Blandja f 60, katjowok f 35, toer wonten ngamantja.

Sapoenika sadèrèk koela kados-poendi?— Boten kirang boten langkoeng namoeng W e r k - l o o s (P a n d j i K l a n t o e n g). Sebab makan oeang.—

Oepami kasagahanipoen „Mertobat, boten badé njepeng kertoe malih" dipoentetepi, manawi boten makaten.

Sampoen namoeng poenika. Kénginga kagem panggalihan.

P. T. T.

POESPITA MANTJA WARNA.

BABAGAN MISSIE.

PHILIPINO.

III.

Rama warganing pakempalan Sang Sabda. (de Paters van het H. Woord, van Steijl), sami makarja wonten ing kabiskopan Manilla, Nueva Segovia (= Vigau) lan Lipu; tjatjahing imamipoen wonten 30, déné broederipoen 15. Oegi kabijantoe ing zusters 70.

Para Rama sami mandégani pawijatan astasani (seminarie) 1, toewin pamoelangan limrah 20 idji, lan balé djampi (dispensaria). *Waosan Katoelik* ing rikoe kaperdi sanget. Pramila para Rama sami angedalaken pananggalan (kalenders) kaetjap pijambak, ing basa Sepanjol, Togal lan Ilocanos. Wiwit ing taoen 1925 angedalaken kala warti „Amigo del Pueblo" mawi kinantèn gambar-gambar inggih ing basa tetiga; lan boekoe sembahjangan warni-warni. Tijang Philipino ingkang semoe sanget remenipoen dateng waosan Katoelik poenika, pramila inggih katah sanget, mèh sadaja ingkang saged sastra, sami toembas. Dados jèn makaten radi béda sawatawis kalijan kawontenanipoen Missie-Djawi ngriki. Boekoe matoempoekan wonten ing goedang Canisius-drukkerij ingkang sami djamoeren, mergi boten oetawi dèrèng padjeng, kados boekoe Napak-Tilas-Pada-Dalem, Soegeng saha Piwoelang Dalem K. G. Jésoes Kristoes, Babad Soetji lan sanès-sanèsipoen. Mila soemangga para prijantoen lan sadèrèk, koela atoeri moendoet boekoe, ngirib-irib bangsa Philipino. Saoepami saben sadèrèk katoelik Djawi ingkang saged sastra, moendoet boekoe wedalan Canisius-drukkerij, Canisius-drukkerij temtoe saged loemajan lan saged angedalaken boekoe sanès-sanèsipoen, ingkang maédahi dateng sadèrèk Djawi.

Rama warganing pakempalan Tyas Dalem Soetji (Missionarissen van het H. Hart) rawoehipoen ing koekoeban Suriago nalika taoen 1926.

Rama warganing pakempalanipoen S. Aoegoestinoes (Minderbroeders Augustinus) sapoenika ambangoen lan njaèkaken malih koekoebanipoen prefectuur Palawan. Ing taoen 1923 tijang priboemi ingkang Katoelik wonten 53560.

Rama warganing pakempalan Sri Jésoes (saking djadjahan Amérika Maryland) makarja wonten ing Mindanao. Ing riki tijangipoen kapir 400.000, tijang Protèstan 21.000 déné tijangipoen Katoelik 305.000. Tjatjahing imam wonten 40, lan broeder 25, padépokanipoen wonten 210 panggénan, tjatjahing Grédja lan kapèl 220.

Kadjawi rama ingkang kasebat ing tanah Philipino taksih wonten rama malih warganing pakempalan Mill-Hill lan Maryknoll ingkang oegi makarja wonten ing rikoe.

Panoetoep.

Salereming kramanipoen Aguinaldo para Missionaris Sepanjol (warganing pakempalanipoen S. Aoegoestinoes, S. Dominikoes lan pakempalan Sri Jésoes) sadaja sami kaoesir saking tanah Philipino. Poenika andjalari: ménda Katoelik 5 joeta djiwa tanpa pangèn satoenggal-toenggala.

Kawontenaning Agami Katoelik ing Philipino boten sandé temtoe moendoer sanget, saoepamia Sang Soesanta Rama boten énggal-énggal ngoetoes para Missionaris sanèsipoen, kados ingkang sampoen kasebat ing nginggil. Ing nalika djaman samanten tjatjahing Missionaris saking Amerika oetawi ingkang saged wawan sabda tjara Inggris dèrèng katah. Kawontenaning Missie Katoelik ing Philipino ing samangké saja dangoe tansah saja mindak saé; éwasamanten meksa inggih kedah tansah ngatos-atos lan moelat nétra sampoen ngantos kawon desoek kalijan bangsa Protèstan.

Tanah Philipino poenika minangka ingkang dados baloe-wartinipoen Missie Katoelik ing tanah bang Wétan. Moegi tansah widadaa lan mindaka santosa.

Djalaran.

LO, MEKATEN KOK TAKSIH KELAMPAH.

Dèrèng dangoe poenika ing Sala wonten lelampahan ingkang sampoen nginani. Wonten satoenggiling loerah kampoeng ingkang boten poeroen nèkeni postwissel, awit..... kilap, mangké koela djlèntrèhaken roemijin. Wonten tijang sampoen sepoeh toewin boten saged njerat, tampi postwissel. Postwissel dipoentandani tjap djempol, tijang waoe kèngkènan dateng kaloerahan, soepados dipoentèkenana loerah. Kala semanten wantji sonten, loerah boten poeroen, tjrijosipoen: „Sésoek baé nèk dong kantoran balia." Éndjingipoen laré wangsoel (loerah sampoen tepang kalijan laré toewin tijang ingkang tampi wissel poenika) loerah meksa boten poeroen tèken, witjantenipoen: „Iki sing tampa wissel koedoe mréné déwé lanang wadon. Jèn ora ngono akoe ora wani tèken." Laré kepeksa wangsoel nglentoeng, tijang ingkang tampi postwissel grèsèk-grèsèk taksih gadah arta satengah roepijah. Ing wantji sonten laré dipoenkèngkèn dateng kaloerahan malih kalijan mbekta arta sèket sèn waoe. Ajak kémawon mangsi ingkang kanggé tèken poenika telas pangaos satengah roepijah. Lo ing kita kémawon taksih wonten ingkang kelampah kados makaten, gèk ing doesoen-doesoen kados-poendi.

Anggèn koela ngabaraken poenika, preloenipoen manawi wonten sadèrèk nanggori kados makaten sageda noeloengi.

Noewoen poen:

ÉNGGALAN.

NGATOS-ATOS WAHJOENING PANGÉRAN.

Saweg riboet njerat, wonten: „koela noewoen!" — Nganggé rasoekan sreg, blangkon tepleg, medal djedoel.

Sang tamoe, rasoekan soerdjan loerik, destar saha njamping roemijin énggal, pasemon tjakrak!

Koela noewoen, dèn, pandjenengan badé angsal wahjoening Pangéran Ingkang Maha Soetji, ... (manah deg-deg). Koela poenika Anoe (nama kesoepèn) saking Ngajodja kidoel Soerjamentaraman tjaket. Manawi pandjenengan tindak Ngajodja koela atoeri mampir, badé koela tampi kanti soeka pirenaning manah.

Njoewoen ngapoenten, dèn, koela poenika wangsoel saking Djombang, wonten ing margi ketelasan sangoe; saking Djombang darat kémawon, pramila njoewoen sih pandjenengan njoewoen sepoeran dateng Ngajodja kémawon. (tlenik, . . sepoeran).

Kantong koela kotong, toer . . . dados koela gèdèg: „Boten saged pak!"

Adoeh dèn, bis namoeng f 0,35.

Koela gèdèg lagi: „Boten saged pak!"

Sanès dinten koela takèn-takèn, dawahipoen sampoen katah ingkang ketamoean satrija lelana ketelasan sangoe ing margi waoe, malah wonten ingkang tjarijos: „Soré medajoh, kodjah nglantrang, basa aloes, . . . benginé arep kondoer tanpa pamit. . . . tik arep njangking . . . wastra ing sampiran, toedjoené konangan, bandjoer klépat, tindak metoe ora katon boentoeté."

Pramila, manawi pandjenengan badé angsal wahjoening Pangéran; koela atoeri ngatos-atos.

C.C. SL.
MOELAT.

CORRESPONDENTIE.

Sebab kirang papan, mila karangan sanèsipoen kapeksa ngentosi, S. S inggih badé kapatjak.

OERAP-SARI

KABAR KATHOLIEK.

Pangarsaning Ned. Kath. Bond voor Groote Gezinnen sowan odènsi.

Sampéjan dalem I. S. K. S. R. Pius XI mentas nampèni sowanipoen toewan Meegeren pangarsaning Ned. Kath. Bond voor Groote Gezinnen.

Toewan Meegeren ngoendjoekaken boekoe ingkang ngewrat verslag konggrèsipoen pakempalan waoe nembé poenika angrembag nglawan Neo Maltusianisme. (Semanten oegi pangarsaning seminarie ing Warmond Mgr. Taskin inggih mentas sowan odènsi angrembag prakawis Jeugdwerk ing kabiskopan Haarlem).

Bandéra Vaticaan koemlèbèt wonten saganten.

Nalika Kardinal Lepicier tindak saking Roem andjenengi konggrès Sakramèn Maha Soetji ing Carthago, baita ingkang dipoentitihi mawi pinandjeran bandéra Vaticaan (— djené — petak — mawi koentji prapatan).

Kapindah dateng Bara.

Wiwit tanggal 24-4-30 bakda Paskah, dalem Pastorie Bara, sampoen dipoendalemi pandjenenganipoen rama Pastoor J. Prennthaler lan F. Satiman. Papan njaosaken Koerban Mis Soetji wonten tjalon pamoelangan Vervolg; ing saben dinten teroes wonten Koerban, wekdalipoen jèn dinten limrah djam 5 lan djam 6 éndjing; déné jèn Ngahad djam 6 lan djam 8 éndjing.

Béndjing Rebo Paing: 14 Mei 1930 ing Pastorie Bara badé wonten kraméjan tjlimèn, perloe mberkahi dalem Pastoeran lan pasang séla ing Hospitaal (eerste steenleg) ingkang maringaken berkah pandjenenganipoen Kang. Mgr. A. P. van Velsen. Déné ingkang tjalon ngrawoehi pandjenenganipoen rama Pastoor Superior, tamoe Pastoor 2, Zusters 13 saking Semarang; pandjenenganipoen: Toean A.R., Boepati Koelon Progo, tamoe prijantoen Wlandi loehoer 2 saking Djocja lsp.

Biskop énggal bangsa Tionghoa.

Sanadjan wonten burgeroorlog, ing nagari Tiongkok mentas wonten Imam bangsa Tionghoa djinebadan dados Biskop;

Biskop énggal waoe i. p. Mgr. Wen-Chen joeswa 40 taoen ambawahaken vicariaat Shunking; kalijan Mgr. François Wang joeswa 62 taoen ambawahaken vicariaat Wahnsien.

Vicariaat Shungking waoe djiwanipoen Katholiek 18.395, gadah imam bangsa Tionghoa 20. Déné vicariaat Wahnsien djiwanipoen Katholiek 22.950, gadah Imam bangsa Tionghoa 23.

Onderwijs Katholiek ing Amerika.

Ing taoen kapengker, Amerika gadah sekolahan Kahtoliek 7664 moeridipoen 2.201.942. Manawi katanding kalijan kalih taoen kapengker, tjatjahing moerid waoe mindak 4,28%.

Sakolahan énggal ing taoen waoe wonten 275. tjatjahing goeroe waoenipoen 55.155 mindak dados 59.013. Tjatjahing goeroe agami 54.830.

Kabiskopan ingkang sakolahipoen Katholiek katah pijambak, kabiskopan Chicago, ladjeng Philadelphia, New York toewin Brooklijn.

Kabiskopan ingkang gadah pamoelangan andap langkoeng saking 100, wonten 23 kabiskopan.

Timbalan dados Imam ing Roem.

Kala '21 ing roem wonten pakempalan dipoenpangarsani Kg. Kardinalvicaris Pompili, sedyanipoen angadjengaken timbalan dados Imam ing kita roem.

Menggah sarananipoen: sembahjang, lan ngragadi sekolahanipoen tijng ingkang nedya dados Imam nanging kamlaratan.

Kala taoen '21 banda pasinaon kanggé preloe waoe wonten 10.000 lire, taoen 1929 sampoen saged pikantoek darma goenggoeng kempalipoen 140.000 lire.

Secretaris dalem Kardinal van Rossum.

Pandjenenganipoen P. Lijdsman (poetra Orde Redemtorist) wisnisoeda dados secretaris dalem Kardinal van Rossum.

Grija pakempalan Kath. Ngajogjakarta.

X. njarijosaken: sadèrèk Katholiek ing Ngajogjakarta badé ngedegaken bondsgebouw, wargadipoen kasanggi sadaja pakempalan Katholiek Djawi ing Ngajogjakarta. Kawartosaken oegi sapoenika sampoen saged pikantoek arta f2000.

ONTJÈN SEKAR GAMBIR MELATI.

PAPRANGAN ING DJAGAD PANGGESANGAN.

INLANDER BAÉ SING DADI KOELI.

Bahagia njarijosaken bilih orgaan *Onze Stem* gadahanipoen I. E. V., mentas ngewrat panggroendelipoen Walandi Indo.

Onze Stem waoe njarijosaken: panggesanganipoen bangsa Indo sapoenika kadesek bangsa Indonesia. Sababipoen? Margi bangsa Indonesia sampoen gadah pangertos katah, temah saged tjepeng damel wonten ing kantor-kantor Goepermèn lan kantor padagangan. Kabekta saking makaten poenika, bangsa Indo ladjeng moendoer, lan dangoening dangoe boten sandé kataman bebaja peroet kosong."

Sokoer bagé sèwoe déné golongan Indo Walandi poeroen ngakeni: Inlander woes pada pinter. Nanging manawi poeroen ngakeni leresipoen inggih poeroen ngregèni. Dados, menawi wonten Inlander gadah kasagedan, ladjeng saged njamboet damel wonten ing kantor, sampoen kok agé-agé moengel: „É, kedesoek akoe!"

Poenapa Walandi Indo sami boten soemerep bilih ing kalangan Inlander pijambak inggih katah laré wedalan sakolahan ingkang dados pandji klantoeng?

Poenapa golongan *Onze Stem* boten roemaos bilih golonganipoen meksa kinaot kalijan poen Inlander? Boektinipoen ??? Sekolahanipoen sami, diplomanipoen sami, bajaranipoen kabéda!, langkoeng katah Indonipoen. Poenapa poenika dédé nama oentoeng????

Kadjawi poenika, Onze Stem kasoepèn bilih taksih katah sanget Walandi Indo ingkang gadah karéréhan poenggawa Inlander. Kesoepèn bilih katah Walandi Indo ingkang dados prijantoen-prijantoen ageng. Wangsoel Inlander poenapa wonten ingkang dados resident lss.? Toer saleresipoen inggih dèrèng kantenan manawi djagad panggesanganipoen para Walandi Indo waoe langkoeng roepek tinimbang bangsa kita. Awit, manawi pandjenengan njatitèkaken angka-angka ing kantor-pitoeloengan ngoepadosaken-pandamelan, (— Arbeidsbemiddelingskantoor) kerep saget mregoki presénanipoen bangsa kita ingkang saged angsal pandamelan langkoeng sakedik tinimbang bangsa ngrika.

Orgaan-ipoen Walandi Indo waoe, oegi mratélakakeen bilih:
golongan Indo sampoen toemandang ngetog kekijatan anglabeti adjenging paprèntahan Walandi ing Indonesia. Nanging ing semoe Parèntah boten migatosaken, malah kepara kénging katemboengaken kesoepèn kalijan lalabetanipoen bangsa Indo."

Temboeng makaten poenika, panampi koela: ngoetjik-oetjik, ngoendat-oendat. Manawi kabijaka dadanipoen, *bokmanawi* wonten isinipoen seratan makaten: „Parèntah! Koela bangsa Walandi Indo sapoenika sami meningi djaman sesek! Pangkat-pangkat ingkang waoenipoen koela enggèni pijambak, samangké dipoenloenggoehi tijang Inlander! O, menggah waoenipoen Inlander poenika boten pandjenengan paringi *onderwijs*, koela mesti boten ngalami kawontenan kados samangké! Koela sadaja mesti taksih sami dados toewan besar, poen Inlander koelinipoen! Wangsoel sapoenika . . . . Inlander waoe sami katah ingkang sami dados klerk, komis, lss. . . . andjalari sangsara koela!

O, koela Walandi Indo sami sangsara! Mangka lalabetan koela dateng pandjenengan tanpa pétang! Anggèn koela nglabeti pandjenengan inggih boten kados-kadosa! Mila mangga koela atoeri toetoeloeng! Onderwijs kanggé Inlander sampoen pandjenengan inggil-inggilaken, sampoen pandjenengan katah-katahi! Mangké koela mindak saja sami sangsara!"

Onze Stem waoe mratélakaken oegi blandja f 45 poenika toemrap bangsa Indo boten njekapi! Anggènipoen njababaken: *doepèh „doedoe Inlander!"* (. . . heeeeem!).

Dados, golongan waoe gadah panganggep: nèk Inlander diblandja f 45 baé rak mesti wis tjoekoep! Ning nèk akoe, *doedoe Inlander*, blandja samono koewi ora njoekoepi! Akoe toh koedoe ngombé soesoe, mangan roti karo mertéga, jèn mangan lawoehé bregedèl, empal l.l.l. Balik Inlander, tanpa ngombé soesoe, tanpa mertéga-mertéganan, nèk mangan lawoehé tahoe gerèh témpé! . . .

O, golongan poenika pantjèn katah kémawon ingkang ndjawi-nglebetipoen anggadahi panganggep wonten sanginggilipoen tijang Inlander, inggih sanadyan pamedal oetawi pangkatipoen kawon. Panganggep menang inggil waoe tétéla oegi kaladjeng^{2} kalebetaken wonten ing djagad ngoepados panggesangan.

Golongan Onze Stem! Pandjenengan kedah mangertos *tempo doeloe* béda kalijan *tempo sekarang!* Tempo doeloe Inlander sami bodo, boten saged klebet wonten kantor-kantor! Nanging tempo sekarang, . . sampoen katah sanget Inlander tinarboeka! Sampoen katah sanget ingkang wedalan sakolahan. Mila adilipoen inggih kedah kénging toemoet ngraosaken panggesangan-panggesangan ingkang roemijin namoeng pandjenengan raosaken pijambak! Malah kita boten namoeng badé ngèsti pakarjan klerk, komis, sasaminipoen. Djangkah kita, sageda koela Inlander toemoet ngraosaken sadaja pangkat ingkang inggil^{2} ing siti kalahiran koela ngriki. Ingkang makaten waoe boten kénging pandjenengan anggep: ngalah-ngalahaké! Djer poenika nama wis beneré, wis mestiné. Kedjawi poenika kita inggih tansah ngangkah: manawi diplomah koela sami kalijan diplomah pandjenengan sageda pikantoek bajar sami trep kalijan pandjenengan.

Kumuningsaselé 3 Mei '30.
Taklim: *Patjar Mérah.*

KABAR OEMOEM

INDONESIA.

Tètèring montor bis.

Dinten Sabtoe, tg. 3-5-1930 kinten-kinten djam 11 éndjing, montor bis merk DUO (A. B. no. 844) main koemidi angglimpang dateng sabin, wonten ing doesoen Seroet (oeroeting margi ageng saking Ngajodja dateng Wates). Tijang ingkang noempak ± 15 sasopiripoen, Rahadjeng, déné boten wonten ingkang tiwas oetawi ketaton ngantos sanget. Namoeng panganggénipoen kémawon sami ngloemoet, ketjipratan lendoet,

Lho, teka dèrèng saged menda taksih wonten kémawon kasangsaran ingkang margi saking montor bis. Ngantos giris koela!! Kaping pinten ing serat-serat kabar ngemot wontening tijang kasangsaran oetawi tiwas dados koerban margi saking poenika! Wonten ingkang nasak tanggoel, 'ndjegoer lèpèn, toemboekan kalijan bis sanès l. s. p.

Manawi taksih kalampah makaten kémawon, gèk kados-poendi! Tjatjahing tijang kasangsaran oetawi pedjah margi bis, temtoe badé saja mindak-mindak. Awit tjatjahing bis saja dangoe saja mindak katah.

Kawontenan-kawontenan makaten waoe ratjak-ratjak inggih namoeng saking lénaning sopir manawi pinoedjoe nglampahaken; amboeroe katahing ingkang sami noempak; isin kawon rikat kalijan sopir bis sanès. l.s.p. É, para sopiring bis! Bok inggih poeroena mantoeni lan ngatos-atos, awit djiwa ingkang sampéjan tanggel katah!!!

Ing sapoenika, sampoen ragi katah [dèrèng sadaja] salebeting montor bis sami dipoensoekani papatjak, manawi sopir wantoen nglampahaken langkoeng saking 40 KM à djam, ingkang noempak kénging lapoer dateng poelisi oetawi dateng pangagengipoen bis waoe. Poenika mila prajogi sanget! Awit poen sopir temtoe ladjeng nggadahi adjrih lan ingkang noempak inggih ladjeng kendel ngémoetaken.

Poenapa poenika boten langkoeng prajogi, sadaja bis dipoensoekani papatjak makaten??? Langkoeng malih kénging ngémoetaken katahing panoempak ingkang langkoeng saking mesti oetawi ngemot barang [wonten ing pajoning bis] ingkang ngantos oempoek-oempoekan. Awit poenika oegi ngoewatosaken sanget.

Manawi makaten tjatjahing tijang katjilakan ingkang margi montor bis, temtoe badé soeda.

Prakawis poenika, koela soemanggakaken dateng para ingkang wadjib.

Noewoen poen:
A. S.

Moentilan.

Kanggé noeroeti grengseng adjengipoen Moentilan dateng Onderwijs, pandjenenganipoen Zusters Franciscanessen ing Semarang jasa sekolahan Meisjesvervolgschool kanggé papan ladjengipoen moerid-moerid ing pamoelangan èstri ingkang sampoen wonten, manggèn wonten ing kilèn: Kebonsarie.

R. K. Kweekschool Moentilan njadijani pamoelangan Ambachtsschool, bagéan tosan, manggèn ing kilèn Kaoeman; samangsa rampoeng panggarapipoen, toemoenten énggal badé kabikak: kinten-kinten wonten ing woelan Joeli.

Soos „Sasana Soeka", katingal soeboer, mahanani langkoeng soepeketing pitepangan, malah mentas toembas médja bola: pamoedji koela moegi-moegi sampoen ngantos dados papaning „golèk tambal boetoeh".

Kala minggoe kapengker kawontenaken sesorah bab „panggoelawentah" déning S. O. M. Hardjadarsana. Bab poenika kados boten perloe kaandaraken ing riki, djer ngèlmoe panggoela-wentah ingkang adedasar agama Katoelik poenika para maos sampoen damang sadaja, lan boten wonten ingkang nglangkoengi loehoeripoen; namoeng satoenggal ingkang perloe kaatoeraken, bilih: lampahing tijang sepoeh poenika saged noeroeni.

Ngleresaken kalepatan.

Ing Sw. Tm. no. 18, katja 4 poenika wonten kalitoening pangetjap ingkang mbingoengaken.

Kolom no. 2., golongan wartos „Wakil Goepernoer" ingkang ngandap wiwit temboeng. *„kaningkah dipoenpriksa poelisi enz. . . ."* poenika leresipoen teroesanipoen kabar „damel pepedjah pinten-pinten" ing kolom nomer tjandakipoen wonten ing kolom nomer 3.

Semanten oegi ing Coresspondentie temboeng verslag P. P. K. D. leresipoen P. P. P. H. (ingkang margi kekirangan papan saweg kapatjak dinten poenika).

Njoewoen pangaksama!
(Corrector).

Pareaatan oemoem P. P. P. H. ing Mataram.

Congrèsipoen prijantoen Pagantosan ingkang kaping XV poenika manggèn ing Djajadipoeran Ngajodja kala malem Senèn 27-28 April; dipoendatengi tijang ± 1000 wakil^{2} pakempalan, pers lan afdeeling P. P. P. H.22, lan groep P.P.P.H.23. Wonten ing pamboeka kapratélakaken bandanipoen P.P.P.H. sampoen f 12000-nan Arta poenika béndjing kanggé oegi anak-anaking warga. P.P.P.H. nedya njamboet damel kanggé rakjat neda soedaning rente ingkang sataoenipoen ± 72%; ngakeni P. S. I. I. dados bapanipoen P. P. P. H. Katrangaken bilih P. P. P. H. badé mboedidaja sagedipoen ndandosi kawontenan ing Pandhuisdienst amrih pangageng boten gadah tindak sawenang-wenang dateng karéréhan. P.P.P.H. boten nedya damel riboet ingkang boten pantes. Éwadéné manawi kepeksa revolutionair poenika dédé kadjengipoen P. P. P. H. P. P. H. ichtijar oegi sageda gadah wakil wonten Volksraad. Lan margi anggènipoen damel Vak Centrale kalijan pakempalan-pakempalan sanès, sedya waoe bokmanawi badé saged kaboel. Katjarijosaken oegi P. P. P. H. sampoen gandèng kalijan Ned. Vakverbond lan Internationale Vakverb. ing Éropa lan saged oegi P. P. P. H. badé ngedegaken kantor wonten ing Éropa kanggé mradinaken poenapa-poenapa ingkang damel pitoena toemprap kaoem berah lan kawoela oemoem Indonesijah. Katerangaken nasibipoen kaoem Pagantosan, bajar alit, njamboet damel rekaos mangka kaoentoenganipoen Pagantosan 12 joeta — 13 joeta ing dalem sataoen. Oegi kapratélakaken prakawis Raad. Beroep ingkang moetoesi pasoelajanipoen ngandap kalijan nginggil . . . . . Wasana kateda soepados kaoem partikelir inggih samia ngawontenaken pakempalan toenggil damel.

Sabakdanipoen poenika, panitra mbabadaken babadipoen P. P. P. H. wiwit madeg doemoegi sapriki. Babad poenika tjalon kawrat wonten almenak rakjat tn. 31.

Bibar pauze, Kjai H. A. Salim medar sabda. Soeraosipoen ingkang bakoe nerangaken kawontenanipoen Ned. Vakverbond, lan paédahipoen P. P. P. H. gandèng kalijan Ned. Vakverbond.

Sami-sami pakempalan kaoem berah ing Nederland, Ned. Vakverbond poenika ageng pijambak, warganipoen sampoen 250.000, mila inggih gadah hak njoewanten wonten Intern. Arbeidsconferentie ing Geneve. Kasoegihanipoen boten kirang f 12.000 000. Arta patandon kanggé pogokan, ing saben taoenipoen kadjagi sampoen ngantos kirang saking 1 joeta roepijah.

Ned. Vakverbond poenika gegandéngan kalijan S. D. A. P. ingkang gadah wakil 24 wonten parlement. Ned. Vakverbond gadah wakil 1 wonten Eerste Kamer.

Margi makaten poenika gandèngipoen P.P.P.H. kalijan Ned. Vakverbond inggih maédahi sanget, awit manawi wonten rembag poenapa-poenapa oepami salarisactie saged teroes manginggil wonten Nederland, dados boten kados sapoenika ndadak medal beheerder lan sanès-sanèsipoen; mangka poetoesan ing ngriki goemantoeng wonten Nederland.

Ned. Vakverbond oegi gandèng kalijan Intern. Vakverbond ingkang ngrembag nasibipoen kaoem berah sadonja. Saben taoen ing palaboehan-palaboehan Éropa kalebetan kaoem berah bangsa Asijah boten kirang saking 1000. Prakawis poenika inggih kagatosaken I. V. V. awit koewatos mangké manawi koeli bangsa Asia kabajar sakedik gèk kaoem kapital ladjeng boten poeroen nganggé koeli bangsa koelit petak ingkang reginipoen langkoeng awis. Ngèngeti kawontenan poenika, Ned. Vakverbond oetawi I.V.V. waoe inggih oegi ambetahaken sasambetan kalijan kaoem berah ing ngriki. Mila, anggènipoen P.P.P.H. sasambetan kalijan Ned. Vakverbond (oet. I.V.V.) waoe boten kénging kawastanan adadasar ngemis-ngemis oet. *minta-minta!*

Verslaggever.

Baji pedjah kaslempit séla.

F. S. Padma martosrken makaten:

Nalika dinten Slasa Paing éndjing (29-4-'30) ing lèpèn alit ngadjeng dalem Pastorie Bara (A. W. Kalibawang) wonten djabang baji pedjah semlempit séla, oesoes lan ari-ari anggoebed séla, adamel goegoeping poelisi doesoen, saha raméning wartos kabekta katahing tijang langkoeng sami dateng peken Deksa.

Begdjanipoen ing sanalika, prabot saged njepeng tijang èstri nama: B. Ranadikrama, ladjeng kaoeroes, saged toemoenten ngaken kanti terang. Djeboel dawahing papriksan, tijang èstri waoe randa, déné ingkang djaler késah dateng Deli sampoen 3 taoen boten mantoek; noenten lampah awon kalijan tijang nama: Karijawinangoen tangga noenggil doesoen Ngarèn, Kl. Bara.

Wasana ladjeng isin, saking isinipoen, mila gadah laré wonten ngandap kreteg, déné baji kaklékaraken ing lèpèn, dipoenkeloni ki Ageng séla.

Ingkang Witjaksana tampi bintang.

Padoeka Ingkang Witjaksana Toewan Goepernoer Djéndral Jhr. de Graeff tampi bintang Grootkruis van de Koninklijke Orde van Kambodja saking republiek Parangakik.

Babi soekoenipoen woloe.

Bintang Mataram angsal pawartos saking Celebes, kala 4 April '30 babinipoen t. Young Hoo toekang gambar ing Gorontalo ngedalaken anak asoekoe woloe, abadan kalih, endas setoenggal, koeping sekawan. Kéwan anèh waoe boten dangoe ladjeng pedjah.

Pangiridan taoen 1931.

Gandèng kalijan tjoepeting begrooting 1931, kados ingkang sampoen kawartosaken ing ngriki, Nagari badé ngawontenaken pangiridan. Woedjoeding pangiridan waoe manoet tjarijosipoen Ambtenaar B. ing *Het Nieuws,* a). ngindakaken paos-paos. b). njoeda standplaatstoelage toemrap prijantoen-prijantoen ageng. c). njoeda balandja ing salebeting perlop.

Malah manoet pamirengipoen red. *Het Nieuws*, ing kalangan Dep. Financiën badé ngadjengeken oesoelpaos tigang warni: 1. Landsinkomsten kawewahan opcenten 6; 2. Tariefwet kaindakaken 6% toemrap sawenèhing barang-barang mlebet warni-warni. 3. Ngawontenaken paos weeldebelasting (paos kasoegihan??). Nanging prakawis poenika inggih dèrèng saged kapastèkaken manawi èstoe kaladjengaken.

Setatsijoen montor maboer.

Ing Médan katjarijosaken badé kaedegan setatsijoen montor maboer kados ing Betawi, nanging langkoeng alit sakedik lan langkoeng pasadja.

Djiwa ing Digoel.

Hadji Mohamad Sanoesi Mangantjo (oemoer 30 taoen tijang tani, kalahiran bawah Poso. res. Menado) kalijan Mohamad Malewo (oemoer 27 taoen, tilas goeroe gouv. Inl. onderwijs ing Paloe afd. Donggala res. Menado, kalahiran Moôedoe, Gorontalo), margi sabab kados ingkang sampoensampoen sami kaboetjal dateng Digoel.

Sasakit tjatjar.

Ing Kebajoran, bawah kaboepatèn Mr. Cornelis, kambah sasakit tjatjar. Tijang ing doesoen-doesoen ingkang kénging sasakit waoe boten kirang saking 100, ingkang tiwas 20. Tetijang sami kasoentik. Ing Tanggerang lan kaboepatèn Bogor inggih wonten tijang kénging sesakit tjatjar, nanging namoeng sakedik boten kados ing kaboepatèn Mr. Cornelis waoe. Tjatjahing tijang ingkang sami katjatjar ing bawah Mr. Cornelis toewin Bogor waoe sadinten-dintenipoen boten kirang saking 1000.

Ngatoeri priksa nalika dinten malem Slasa (28-4-'30) wantji djam 12 daloe koela kaparingan momongan no. 1 medal djaler. Wasana sareng djam 3, iboenipoen kapoendoet ing Goesti. Djalaran saking poenika koela boten kesoepèn matoer noewoen sanget dateng:

1e. Para dokter, Zuster Vroedvrouw lan poenggawa sanèsipoen ing roemah sakit Klatèn ingkang sami ngoepakara sémah koela wiwit saras ngantos adjalipoen.

2e. Rama Pastoer ing Klatèn ingkang sampoen kersa nindakaken pangoeboeripoen djisim tjara katholiek ngantos doemoegi koeboer.

3e. Para goeroe-goeroe ingkang katingal sami boten ngétang sajah lan rekaos. Langkoeng-langkoeng ing Mlindjon.

4e. Pangroekti Laja Klatèn, anggènipoen boten ngoetjiwani bab koewadjibanipoen.

5e. Para prijantoen lan sadèrèk sadaja, kakoeng poetri; anèm lan sepoeh ingkang ngoentapaken pangoeboeripoen. Langkoeng-langkoeng ingkang sami mikoel.

6e. Para kadang Kath. ingkang sami paring panglipoer lan béla soengkawa, langkoeng-langkoeng sembahjangan ingkang marambah-rambah.

7e. Tangga tepalih lan para moerid ingkang katingal sanget goejoep tetoeloeng, sanget ndadosaken trenjoeh. Langkoeng-langkoeng sadèrèk ingkang rentah welasipoen ngantos paring oeroenan toembasan sekar lan sanès-sanèsipoen.

Sadaja waoe nélakaken katresnanipoen dateng koela. O para sadèrèk, koela boten saged males, namoeng Goesti Allah ingkang badé males, moegi Goesti maringana berkah sagarwa poetra soemrambah ing sedajanipoen.

Atas namaning pamili: C. SLAMET.

DJAMNJA HARI ACHAD DI SEMENTARA TEMPAT ADA KOERBAN MISSA.

Ambarawa	6.-7.30.	Lamah	5.30-6-8.	Pekalongan 8)	7.30.	Soerabaja:	
Amboina	7.30.	Lawang 5)	7.	Pemalang 3)	7.30.	Kepandjèn	6-7-9.
Bagan Siapi-api	7.30.	Madioen	6-7.30.	Pemangkat	8.30.	Anita Boul.	6-7.30-9.
Bandoeng	6-7.30-9.	Magelang	7 9.	Poerwokerto	7.30.	Soerakarta	6-7-8.30.
Benkoelen	7.30-9.	Makassar	6-7.30.	Poerworedjo	7-8.30.	Tandjoeng Balai	7.30.
Blitar	7.30.	Malang	6-7.15-8.30.	Pontianak	7-8.30.	Tandjoeng Karang	8.
Buitenzorg	6-8.	Manado	6-7.30.	Probolinggo	7.30.	Tandjoeng Sakti	7.30.
Cheribon	7.30.	Medan	6.30-8-8.30 (tjina).	Salatiga	7.30.	Tara-Tara	7.30.
Djember	7.30.		9.30 (mal.).	Sambas	6-8.30.	Tegal	6.30-8.
Djokja:		Medari 6)	7.30.	Sambong	8.	Tering	7.
Kampementstraat Eur.	7-9.	Meester Corn.	7-9.	Sawah Loento	7-8.30.	Tjilatjap 8)	7.30.
„ Jav.	6-8.	Mendoet	6-7.30.	Sedajoe	7.	Tjimahi	6-8.
Kota Baroe	6-7.30.	Modjokerto	6-8.	Sedjiram	5.45-8.30.	Tomohon	7-8-9.
Djombang 1)	7.30.	Moentilan	5-6-8.	Semarang:		Wates 7)	7.
Fort de Kock	7.30.	Muntok	8.	Gedangan	6-8.	Weltevreden:	
Gandjoeran 2)	7.	Ngawi 7)	7.30.	Bangkong	6.30-830.	Waterlooplein	5.45-7-9.
Gombong 3)	7.30.	Padang	7-8.15-9 (tjina).	Tjandi	7.30.	Kramat	6-8-9 (mal.).
Keboemèn 4)	7.30.	Padang Pandjang	7.30.	Randoesari	7-9.	Wonosobo 8)	7.30.
Kediri	7.30.	Pajakoembo	7.30.	Singkawang	6.30-9.	Woloan	8.30.
Klatèn	7.30.	Palembang	7-9.	Soekaboemi	6-7.30.		
Koeta Radja	6.30-8.	Pasoeroean 1)	7.30.	Heuvel	5.30.		

1) 1e. Achad. 2) 1e. + 3e. Achad. 3) 2e. Achad. 4) 1e. Achad tiap² doea boelan. 5) 1e., 2e., 4e. Achad. 6) 2e., 4e. Achad. 7) 3e. Achad. 8) 3e. Achad.

Lebet wedaling dagangan.

Manoet tjatetanipoen kantor statistiek ing Betawi, salebetipoen woelan Maart kapengker poenika golongan partikelir ing sadjawining tanah Djawi sami nglebetaken barang-barang 118.337 ton pangaos f 27.331.000. Déné ingkang kawedalaken 548.214. ton pangaos f 71.362.000. Kala Maart taoen kapengker tjatjah poenika waoe ingkang mlebet 120.896 ton pangaos 29.801.000 roepijah, ingkang medal 485.487 pangaos 66.428.000 roepijah. Kanggé sa Indonesia barang-barang ingkang mlebet 348.874 ton pangaos f 83.885.000, déné ingkang medal 864.819 ton pangaos f 127.037.000.

Tilas warga Raad v. Indie toewan L. C. Westenenk séda.

Delèr L. C. Westenenk tilas warga Raad van Indie séda wonten grija sakit Katholiek ing 's Gravenhage, margi mentas operatie. Pandjenenganipoen salebetipoen sawatawis woelan poenika saweg ngarang boekoe bab gesang ing Indonesia ngriki. Boekoe waoe saweg rampoeng sapalih.

Tjandoe peteng.

Saking Soerabaja Aneta martosaken, dinten Slasa kapengker poenika poelisi ngonangi apjoen peteng katahipoen 1714 tail pangaos 24.000 roepijah, wonten ing baita Tjisaroea saking Amoy. Apjoen waoe kalebetaken wonten ing kintoenan woh-wohan wedalan nagari Tjina ingkang kedah kaedakaken wonten Ampenan.

Lindoe ageng.

Malem Salasa kapengker poenika, djam 12.12 wekdal Djawi Tengah, manoet tjatetanipoen obsevatorium ing Weltevreden kraos wonten lindoe ageng salebetipoen kalih djam; asalipoen saking Lèr-kilèn. Lindoe waoe lindoe ing Rangoen ingkang kawartosaken damel karisakan ageng wonten kita Rangoen ngrikoe.

Krakatau.

Sasampoenipoen anteng salebetipoen 24 dinten, kala tanggal 5 Mei poenika Krakatau ndjebloeg rambah-rambah, ngantos doemoegi inggil 150 mèter, toja saganten pating pantjoerat kados pantjoeran inggil.

Kasangsaran montor.

Kala Senèn éndjing ing margi Tg. Prioek wonten montor tabrakan damel tatoenipoen poenggawa K.P.M. bangsa Walandi sakawan. Sadaja sami kabekta dateng grija sakit. Ingkang satoenggal tatoenipoen ngoewatosaken.

Postzegel 2½ sèn.

Kantor-pos-kantor-pos ing Weltevreden sami boten njadèni postzegel regi 2½ sèn. Manoet pamirengipoen *Java Bode* anggènipoen boten njadéni prangko sabénggolan waoe margi waragading drukwerk ing ngriki namoeng 2 sèn saben 50 gram.

(Drukwerk dateng Nederl. wragadipoen sabénggol). Manawi tijang badé kintoen serat kaleres boten gadah postzegel 12½ sèn, gadahipoen namoeng nggangsal sénan, gèk kados-poendi?? Mesti kémawon kepeksa toembas prangko sanginggilipoen sabénggol. Margi makaten poenika poenapa kawontenan ing nginggil waoe boten kénging kawastanan politiek ngoendakaké pametoe???

Awisan ngèrèk gendéra.

Sapoenika wonten awisan kanggé sadèrèk Tionghoa boten kénging ngèrèk bendéra satengah inggil wonten ing dinten-dinten tanggal 3, 9, 30 Mei lan 23 Djoeni.

Tanggal 3 Mei poenika mèngeti ébah-ébahan Haksing ing Tiongkok i.p. kala Tsinan dipoendjègi wadyabala Djepang. Tanggal 9 Mei mèngeti dinten kalanipoen Djepang angadjengaken paneda 21 warni dateng Pamaréntah Tiongkok; 30 Mei pèngetan kalanipoen student-student Tionghoa sami pinedjahan tijang Inggris wonten Shanghai. Tanggal 23 Djoeni mèngeti kalanipoen para student Tionghoa sami pinedjahan tijang Inggris wonten Shakee. (*Perniagaan*).

Ingkang Boepati Bandoeng.

Kawartosaken bilih ingkang Boepati Bandoeng badé njoewoen kèndel anggènipoen dados Boepati perloenipoen sageda anemeni anggènipoen dados warga gedeputeerden ing provincie Djawi Kilèn lan warga Raad Kawoela. Anggènipoen dedalem taksih wonten Bandoeng.

Panggénan damel arak konangan.

Poelisi mentas ngonangi papan damel arak wonten sawingkinging grijanipoen pangageng distrik ing onderneming Batang Koewis. Ing ngrikoe pinanggih wonten arak 7 blèk, tong 22 isi tapé 9000 liter. Tionghoa kalih sami katjepeng; pangageng distrik tjrijos boten mangertos poenapa-poenapa. *(Deli Courant).*

Oetekipoen Indonesiër.

Mas Antariksa Soerjabrata, kalahiran Madijoen wonten ing Leiden kinoela winisoeda dados doktor ing kawroeh kasarasan.

MANTJA NAGARI.

HINDOE.

Lindoe ageng.

Telegram saking Rangoen 5 Mei, njarijosaken ing Rangoen katradjang lindoe ageng. Katah grija² gedong sami rebah, tijang pedjah, lan ketaton inggih boten sakedik. Ing dinten waoe tjatjahipoen tijang ketaton wonten 150; tijang ingkang tiwas 40.

* * *

Kawontenanipoen poelitik. Gandèng kalijan gègèr-gègèran ing Indija Inggris, wonten ing Lagerhuis minister Wedgwood Benn anerangaken bilih Inggris tjalon kados roemijin poeroen moesawaratan kalijan para panoentoen kabangsan.

DJEPANG.

Prahara ageng.

Ing soenglon Aniwa doemoenoeng ing poelo Sachalin ingkang bawah Djepang, kala Senèn wonten prahara ageng. Tijang misaja oelam 57 sami tiwas, lan teksih wonten malih 127 dados padosan.

Wos Sijem.

Salebetipoen 4 woelan ing taoen poenika, wedaling wos Sijem manawi katanding kalijan taoen kapengker oegi ing wekdal waoe, nama moendoer. Salebetipoen 4 woelan waoe wos ingkang medal namoeng 441.939 ton, poenika ingkang 42,14% dateng Singgapoer, 26,29% dateng Hongkong, 12,63% dateng Djepang, 7,54% dateng Cuba, 5,22% dateng Indonesia, 3,78% dateng Éropah, lan tirahanipoen dateng nagari-nagari sanès.